

ASESMEN SUMATIF TENGAH SEMESTER GENAP
MADRASAH TSANAWIYAH KAB. WONOSOBO
TAHUN PELAJARAN 2024 / 2025

MATA PELAJARAN : BAHASA JAWA

KELAS : VII (TUJUH)

HARI / TANGGAL :

WAKTU :

1. Ing ngisor iki pangerten karangan deskripsi kang bener yaiku . . .
 - A. Crita kang nyritakake babagan pengalaman pribadi
 - B. Teks utawa wacana kang isine nggambarake kanthi cetha sawijining kahanan (objek)
 - C. Teks kang nyaritakaken proses
 - D. Crita kang nyaritakake asal usule papan panggonan
2. Jenis teks deskripsi kang bener yaiku . . .
 - A. Subjektif lan Objektif
 - B. Ekstensif lan Intensif
 - C. Csmboran lan Lamba
 - D. Deduktif lan Induktif
3. Wong nyimak iku ora mung waton nyimak nanging nyimak iku ana paugerane. Ing ngisor iki kang ora kalebu paugerane nyimak yaiku . . .
 - A. Nengenake bab kang disemak utawa nyawiji nalika nyimak
 - B. Ngeling-ngeling pepricen saka wacan utawa swara kang disemak
 - C. Ora perlu nyiapake apa-apa kaya buku lan pulpen
 - D. Nyetet bab-bab utawa perangan kang wigati
4. Bab-bab kang perlu digatekake supaya bisa nulis karangan deskripsi, kejaba . . .
 - A. Nemtokake bab kang arep ditulis
 - B. Ngumpulake katrangan kanthi premati bab kang arep ditulis
 - C. Nengenake bab kang disemak
 - D. Nyatet perangan-perangan bab kanthi tlesih
5. Wacanen teks deskripsi ing ngisor iki!

Klepon iku panganan tradisional wong Jawa kang digawe saka glepung beras ketan kang awujud bunder mblondho kang nduweni kaya bal bekel, njerone ana isine gula jawa warna coklat, banjur njabane diselehi parutan klapa. klepon biasane warnane ijo.

Wacan ing nduwur iku kagolong wacan Deskripsi . . .

- A. ekstentif
- B. alternatif
- C. subjektif
- D. objektif

6. Miturut ahli basa Prof. Henry Guntur Tarigan, maca iku jenise ana loro. Ing ngisor iki kang kagolong jenise maca miturut Prof. Henry Tarigan. . .

- A. Maca seru lan maca alon
- B. Maca nyuwara lan Maca ing bati
- C. Maca banter lan maca ngebut
- D. Maca maca cepet lan maca singkat

7. 1. abang cethar

2. Peteng ndhedhet

3. Abang-abang

4. guyup rukun

Saka tembung-tembung ana ing nduwur, kang kalebu tembung saroja yaiku . . .

- A. 2, 4
- B. 2,3
- C. 3,4
- D. 1, 2, 4

8. Wacanen teks deskripsi ing ngisor iki

Sekolah iku tempat sing penting banget kanggo metuake manungsa kanak-kanak lan remaja ning panginuman. Ing sekolah, para siswa ditindakaké dening para guru sing pinter lan ngerti, kang dadi mentor kang banget penting ing proses ngajari. Ana fasilitas-fasilitas modern lan ruang kelas sing apik nglakoni kegiatan akademik.

Ing sekolah iki uga ana banyak macam kegiatan non-akademik kang nyenengake siswa, karya seni, olahraga, lan klub. Dadi, sekolah iku penting kanggo nggawe para siswa ngerti babagan ilmu lan mbangun potensi diri, lan dadi panggonan kang apik kanggo menehi becik ing masa depan.

Apa irah-irahan kang pas kanggo wacan deskripsi ing nduwur?

- A. Umahku
- B. Pasar
- C. Wisata Dieng
- D. Sekolah

Wacanen wacan deskripsi ing ngisor iki!

Sega Liwet iku panganan tradisional khas saka Solo, Jawa Tengah. Sega iki dimasak nganggo santan lan rempah-rempah sing khas.

Sega Liwet nduweni aroma sing wangi lan rasane gurih amarga dimasak nganggo santan lan bumbu kaya sereh, godhong salam, lan lengkuas. Biasane Sega Liwet disajikake nganggo lauk kaya suwiran pitik, endhog pindang, lan sambal goreng krecek.

Sega Liwet iki sering ditemokake ing acara-acara adat utawa kumpul-kumpul karo keluarga. Rasane sing gurih lan kaya bakal rempah-rempah nggawe Sega Liwet iki ora bisa dilalekake dening wong sing wis tau nyicipi.

9.



Telaga Menjer



Agrowisata Tambi



Grojogan Sikarim



Pantai Parangtritis

Saka gambar-gambar ing nduwur, wisata kang ora mapan ing Kabupaten Wonosobo yaiku. . .

- A. Telaga Menjer
 - B. Agrowisata Tambi
 - C. Grojogan Sikarim
 - D. Pantai Parangtritis
10. Sega liwet nduweni aroma sing wangi lan rasane gurih amarga dimasak nganggo Santen. Rasane gurih bisa dirasakaken sarana . . .
- A. mripat
 - B. talingan
 - C. irung
 - D. ilat
11. Sega leniwet iku panganan tradisional khas saka Solo. Tegese tembung khas ing ukara kasebut yaiku . . .
- A. khusus
 - B. arep
 - C. enak
 - D. wangi
12. Pemandangane ing Grojogan Curuk Muncar kang mapan ing Kecamatan Bruno Kabupaten Purworejo pancen *nengsemake* ati. Tembung kang kacitak mirip nduweni teges. . .
- A. nyenengake
 - B. nyusahake
 - C. medeni
 - D. mbingungi
13. Ing ngisor iki kang kalebu pangerten saka wangsalan lamba . . .
- A. Wangsalan ing isi batangane luwih saka siji
 - B. Wangsalan mung isi batangan (tebusan) siji

- C. Wangsalan sing cara nggoleki batangane sarana ngoceki tegese tetembungane ambal ping pido
- D. Wangsalan ana sing nganggo nyebutake batangane, ora ana sing tanpa nyebutake batangane, merga wong-wong wis pada krungu (maca) dianggep wis ngerti maksude (batangane)
14. Bakune bisa golek reca kayu, urip ing alam donya iki bakune goleka kaweruh rahayu kanggo awakmu lan kaluwargamu.
Saka wangsalan ing nduwur, reca kayu nduweni teges. . .
- A. mabura
- B. mlayuha
- C. goleka
- D. mundura
15. Ing ngisor iki kang ora kalebu wangsalan lamba . . .
- A. Mutra bebek, kawit mau mung wira-wiri
- B. Jenang gula, kowe aja lali
- C. Sekar aren, rawuhipun sampun dangu
- D. Jenang sela, wader kalen sesonderan. Apurata yen wonten lepat kawula
16. Tembung Ramayana asale saka basa Sansekerta “ Rama lan Ayana” kang tegese i. . .
- A. Rama lan Sinta
- B. Anoman lan Sinta
- C. Lelakune Rama
- D. Kisah uripe Anoman
17. Sapa kang ngarang Crita Ramayana?
- A. Mpu Walmiki
- B. Mpu Tantular
- C. Imam Nawawi
- D. Ahmad Zainuddin
18. Ing India versi basa Sansekerta Ramayana Kaperang dadi. . .
- A. 4 kitab Saptakanda
- B. 5 kitab Saptakanda
- C. 6 kitab Saptakanda
- D. 7 kitab Saptakanda
19. Kitab Ayodyakanda isine babagan. . .
- A. Prabu Rama dedunung ing Ayodyakanda
- B. Nyritakake nalika Prabu Rama isih Timur
- C. Rama lan Sinta dedunung ing alas kandherekaken kadangipun Laksmana
- D. Sugriwa ing guwa kiskendha mitulungi Rama
20. Nalika Rama paring pitutur marang Bathara sing jumeneng nata ing Ayodya lan Wibisana (adhine Rahwana) sing dadi nata ing Alengka, wujud piwulang wataking nata kang sinebut Asthabrata.
Saka pethilan crita ing nduwur ana tembung **jumeneng**, apa tegese tembung iku?
- A. mlaku
- B. mlayu

- C. tnru
D. Ngadeg
21. Apa kang dicritakake ing crita Ramayana?
- A. Uripe Rama nalika cilik
B. Lelakune Rama nalika tuwa
C. Lelakune Rama wiwit cilik nganti tekan tuwane
D. Pacobaan kang dilakoni Rama
22. Hawa nepsu menawa ditulis nganggo aksara Jawa yaiku. . .
- A. 
B. 
C. 
D. 
23.  aksara Jawa iku menawa ditulis latin yaiku . . .
- A. Abimanyu
B. Abisatya
C. Abicaraka
D. Abimantrana
24.  . . . gambar ing ngarep iku jenenge . . .
- A. Pepet
B. Taling
C. Taling Tarung
D. Suku
25. Ing ngisor iki sing jenenge cakra keret yaiku. . .
- A. 
B. 
C. 
D. 